



Asamblea de los Pueblos del Caribe
Assembly of Caribbean People
Assemblée du Peuple Caraïbe
Assemblee van het Caraïbisch Volk
Asanble Pep Karayib La

Lèt tou louvri pou Dyaspora Karibeyèn nan peyi Etazini : ‘‘Jete Trump ‘’ ak Repibliken ‘‘anba lis la’’

Dyaspora nan Karayib la k ap viv Etazini,

Asanble Pèp Karayib la kontan salye w ak tout fanmiy w epi renouvle menm enterè nou genyen kòm moun epi kòm pèp k ap pataje yon menm listwa nan Karayib la. Nou felisite tout gran kapasite w ak angajman w ki motive w kòm reprezantan nasyon nou yo, ki pou kounye a enstale sou tè nou blije adopte a ki se peyi Etazini Damerik. Nou rekonèt enterè nou genyen ansanm pou kenbe souverènte ak dwa nou genyen pou chwazi modèl politik ak ekonomik nou vle gras ak pwoteksyon pèp yo ansanm ak teritwa ki te ba w manje yo, ki te apiye rèv ou yo epi selebre aspirasyon w yo menm jan ak reyalizasyon yo.

Ann bay kò nou 2 tap: Jodi a nou lanse yon kout rel ijan, pou nou kapab kenbe epi devlope libète nou pandan n ap pwoteje avni ti moun yo nan tan sa yo ki bade ak gwo defi ak gwo bak ki antoure defi sa yo. Tankou nou konnen li, n ap viv yon lanne elektoral nan peyi Etazini ki chaje ak yon seri konsekans grav pou limanite an jeneral. Nou nan mitan yon konba pou nou kenbe libète zanzèt nou yo ak gran paran nou yo te batay pou li a, te defann epi te fè pwogrese, nan yon batay san pran souf yo te mennen. Nou vle lapè, libète ansanm ak pouvwa pou nou pran desizyon ki ale nan enterè tout moun. Kòm yon Leta Nasyon ki endepandan, nou vle rapousuiv politik sosyal ak ekonomik nou san nou pa dwe genyen okenn kèk sote pou reprezay fòs pwisans etranje yo kap chèche diminye otonomi endividyèl ak kolektif nou.

Defi : Akoz latwoublay ki genyen nan peyi Etazini, keseswa nan moman COVID-19 la, oubyen nan sa ki gen pou wè ak move enfòmasyon sou pandemi an, kote y ap afebli libète laprès, y ap trayi libète pou gen rechèch akademik, vyolans lapolis, manifestasyon mouvman yo ap mennen pou gen yon jistis sosyal, kote yo bay aspè ekonomik yo plis enpòtans, kesyon ras, kesyon zenofobi ki vle di yo pa vle wè etranje, li posib pou nou jwenn yon pakèt enfòmasyon ki gen kontradiksyon san sans antre yo, oubyen k ap menm twomatize nou nan montre nou yon seri defi nou geyen nan Karayib la. Nou ba w garanti n ap suiv tout pwosesis sa yo ak enkyetid pandan n ap itilize enflyans reyjonan nou pou garanti w kenbe dwa w toutotan w ap viv, w ap travay epi grandi fanmiy w nan peyi Etazini. Kòm moun ki kite peyi yo pou ale viv nan peyi Etazini, kèlkilanswa estati legal w, w patisipe nan konstwi yon kominote solid nan peyi kote w ye la. Gouvènman Trump lan pa te ni rekonèt ni selebre kontribisyon w. Okontrè li kontinye zak rasis li yo, pa vle wè etranje epi mennen batay kont klas travayè yo. Òganizasyon Nasyonzini pataje

enkyetid yo sou sa ki konsène mòd trètman migran yo ap sibi nan peyi Etazini. Poutèt sa, li enpòtan pou nou angaje yon aksyon san fay epi apiye yon fason klè kandida k ap pwoteje dwa moun pou tout pèp yo, yon fason pou n chavire tandans reyaksyonè yo.

Vote pi bonè depi w kapab, oubyen nan dat 3 Novanm 2020 an. Lakay nou nan Karayib Neyèlandofòn (moun ki pale nèlandè yo), anglofòn (moun ki pale anglè), frankofòn (moun ki pale franse) oubyen ispanofòn (moun ki pale espanyòl), yap atake nou tou epi nou frajil akòz kapris ki mare ak enterè yon ti gwoup moun epi ak anbisyon dirijan egoyis peyi Etazini . Menm si gwo medya pisan yo pa fè anyen pou apiye konba nou yo, w te mèt kwè nou paske lè nou di defi yo reyèl epi y ap manyen libète nou ak okazyon kote nou benefisye nan peyi kote nou soti yo. Se pa sekirite nou sèlman aksyon sa yo ap kontinye detwi, men menm tou sekirite peyi kote nou soti yo. Si nou pa mennen yon aksyon ki kòrèk nan eleksyon madi k ap 3 novanm 2020, n ap toujou viktim pou kat (4) lanne ka vini yo ankò. Siklòn diskou ak aksyon vyolan sa yo - ki kreye feblès ak tèt chaje nan nouvo tan n ap viv lan – ap kontinye fè chimen li si nou pran echèk nan sa n ap fè yo. Posibilite pou vote anvan lè gen tan koumanse Si w enskri sou lis elektoral la, vote anvan lè. Zanzèt nou yo te deja rache dwa pou nou vote. Dwa sa a ap libere rejyon nou an ak pèp w ki toujou anba move pratik dominasyon. Pou pwoteje kominote nou yo sou tout tè a, n ap mande w pou w voye ‘ Trump jete’, paske politik danjere li a ni nan nivo entèn ni nan nivo entènasyonal kontinye detwi dwa ak libète kominote mondyal la. san nou pa bliye dwa dyaspora pèp karayib la k ap viv nan peyi Etazini.

Yap atake dwa nou kòm pèp ki pran nasyonalite ameriken : Nan moman n ap pale la a, genyen kèk inivèsitè k ap dokimante sou pwosesis sou jan y ap atake dwa nou kòm pèp ki pran nasyonalite ameriken. Yo pwofite souliye diferan tantativ ki nan wout pou atake kapasite nou – kòm sitwayen ki natiralize ameriken – pou patisipe nan pwosesis elektoral la. Pa pran libète sa yo pou yon gany avi. Vote pou w fè tande vwa w. Vote pou moun ki pa ka fè yo ande vwa yo.. Moun ki rezide yo men ki pankò natiralize ap jwenn pikan kwenna chak jou ki jou pou anpeche yo natiralize ak dwa pou yo vote. Imigran Ayisyen yo ap viv zak rasis kote yo fè plizyè tantativ pou anile estati espesyal ki pwoteje yo. Objektif pratik zenofòb (ki pa vle wè etranje yo) ak rasis sa, se pou anpeche davans yon pakèt gwoup moun lajman laj ki poutan se elektè pou pi devan ki patisipe finansyèman, sosyalman, akademikman epi entèlèktyèlman nan konstriksyon yon sosyete ameriken trè solid. Nou soupriye w pou w itilize dwa w pou w vote epi ankouraje tout zòn kote w genyen enfluyans w pou ‘ voye jete Trump’ ak Repibliken yo ‘anba lis elektoral lan’, akòz politik yo k ap menase gravman grav pèp ki nan Karayib la, lakay yo tankou nan peyi yo. Kat (4) lanne ankò ap Trump nan Mezon Blanch avèk sipò Repibliken imoral epi ilejitim nan nivo legal ak nan nivo sosyal – fòmè yon menas pou egzistans dyaspora karibeyen an ; avèk yo sou pouvwa rasis ki fin dechennen, zenofobi ak politik ki kont migrasyon ap

kontinye ankouraje dominasyon blan, teroris yo, ideyoloji yo ak politik k ap pran nouvèl fòm fachis yo.

Inite karibeyèn : Si nou kite fòs etranje yo divize nou, twonpe nou, kòripsyon, mannèw dilatwa, ilizyon, fachis, enjistis ak enpinite ki se mak fabrik gouvènman Trump lan depi 2017 ap kontinye touche nou pandan 10 lane k ap vini yo ankò. Pou prezève libète endividyèl ak kolektiv yo, li enpòtan pou nou pa souzestime fason rejim Trump lan ansanm ak tout sekretè Deta li Mike Pompeo ap chèche kase ren inite ak entegrasyon karibeyen lan. Pandan y ap òganize yon seri rankont bilaterale ak chèf gouvènman ki nan CARICOM lan, tankou sa ki sot fèt nan peyi Jamayik nan fevriye 2020 pandan vizit Mike Pompeo nan Sirinam ak nan Giyàn nan mwa Septanm nan, se sa gouvènman Trump lan t ap eseye fè pou divize nou. Men nou pa dwe twonpe tèt nou. Nou pi fò lè nou ini. Nou genyen, se vre, plizyè estrikti pouw diferan, lang, abitud ak pratik nou ki diferan, men inite nan mitan nou pèmèt nou selebre diferans sa yo epi adopte yon seri estrateji nan tèt ansanm ki pèmèt nou genyen batay kont divès atak ki fèt pou kraze oubyen frennen sekirite ekonomik ak dwa souverènte ak pou nou chwazi modèl poliitik nou vle.

Madi 3 novanm 2020, ale vote ! Pandan nou prale vote, sonje enterè nou genyen ansanm, ak byennèt epi sekirite fanmiy nou ak zanmi nou kite dèyè yo. Nou kapab petèt yon elektè Repibliken, Demokrat, k ap fè elòj pou yon libéralis radikal oubyen endepandan. Men eleksyon sa a pa yon kesyon pati politik, se pito yon kesyon ki gen pou wè ak lavi moun. “Voye Trump jete” ak Repibliken yo “anba lis elektoral lan” paske yo montre yo san entegrite, san onètete, san okenn sousi pou lavi moun nan diyite. Trump ak tout elèv li yo montre yo pa asèpte pou pèp yo chwazi modèl politik yo vle.

Nou dwe rete ini pandan n ap chèche lapè, diyite moun, solidarite ak otonomi rejyonal. Vote anvan lè si nou kapab epi vote yon fason ki genyen pwa 3 novanm 2020. Lavi nou, avni nou, otonomi nou ak sekirite eritye nou yo depann kalite desizyon nou pran. N ap kontinye selebre angajman w, konpòtmam w, jan w travay epi tou volonte w pou kenbe dwa pou n genyen souverènte ak dwa pou nou chwazi modèl politik nou vle. N ap fè tout sa nan lide nou kwè yon pèp ki konsyan epi ki mete tèt ansanm pap janm pèdi batay !

#YonKarayibAnsanm !

#RespèPouSouverènte

#KarayibZònLaPè !

SIGNATURES

- 1. David Abdulah, Trinité & Tobago**
- 2. David Denny, Barbade**
- 3. Camille Chalmers, Haïti**
- 4. Robert Sae, Martinique**
- 5. Ivan Rodriquez, République Dominicaine**
- 6. Hilda Guerrero, Porto Rico**
- 7. Chapitre cubain d'APC, Cuba**
- 8. Claudette Etnel, Surinam**